

FON TRAVAYÈ EKSKLI (EWF)

1

Kisa EWF la ye ? Fon Travayè Ekskli a te fonde pa yon gwoup aktivis k ap lite pou dwa imigran yo ansanm ak Palman Eta Nouyòk la pou ede rezidan Nouyòk yo ki ekskli de patisipasyon nan pwogram èd pou moun ki ochomaj nan nivo eta ak federal yo.

2


Eske m elijib ? Souple gade paj 2 pou kritè elijibilite yo.

3

Kòman pou m fè demann nan ? Demann nan disponib kounyea : <https://dol.ny.gov/EWF>.

4

Ranmase dokiman ki nesesè pou demann nan epi kontakte yon òganizasyon kominotè : <https://dol.ny.gov/cbolist>



Konbyen m pral resevwa ?

Sa depann de kantite

dokiman travay ou ka bay :

- Nivo 1 - \$15,600 (mwens taks);
OUBYEN
- Nivo 2 - \$3,200 (mwens taks)

POU JWENN ÈD, KONTAKTE, CONTACT VOLS
UNEMPLOYED WORKERS PROJECT :
VOLSFORMS.ORG OUBYEN 347 521-5720

FON TRAVAYÈ EKSKLI : ELIJIBILITE *



OU GEN DWA ELIJIB SI :

1. Ou t ap viv nan eta Nouyòk la anvan 27 mas 2020 epi w ap viv nan eta Nouyòk la toujou ;
2. Ou pa elijib pou asirans chomaj, èd ekònomic pou COVID-19 oswa lòt benefis espesyal ki sòti nan men eta Nouyòk la oswa gouvènman federal la epi pa t resevwa benefis sa yo nonplis ;
3. Ou te touche mwens ke \$26,208 pandan 12 mwa ki vini anvan avril 2021 ;
4. Ou te pèdi revni w pandan peryòd 27 mas 2020 jiska 1ye avril 2021 paske w te antre nan yon eta : chomaj, anplwa a tan pasyèl, oswa ou pa t kapab travay oubyen ou pa t disponib pou travay poutèt COVID-19 ; epi
5. Ou te pèdi omwen 50 poustan nan revni ou te konn touche nan travay ou chak semèn, oswa revni total pou kay la, nan nenpòt moman ant 23 fevriye 2020 ak 2 avril 2021 pou nenpòt nan rezon sa yo : ou te pèdi travay ou ; ou te pèdi lè nan travay ou ; ou pa t ka travay poutèt pou te malad ak Covid-19 ; oswa ou te vin responsab pou pi gwo pati revni kay ou poutèt lanmò oswa enkapasite moun ki te konn okipe fanmi an anvan.

*Note byen : Gen yon rezime de kritè elijibilite yo sou <https://dol.ny.gov/EWF>